# Мохьмад а, цуьнан мостагI Iаьржа-Iимран а.



от автора таких книт, как «Жизнь в поисках», «Last Train» и Last Train: Reloaded», а также сказки «Ирсхан и Звêздный мяч»

## Идрис Даудов

Idris Daudov

# Мохьмад а, цуьнан мостагl lаьржа-lимран а.

*http://www.litres.ru/pages/biblio_book/?art=72239749*
*SelfPub; 2025*

## Аннотация

Это сказка на чеченском языке, которую я написал ещё 2014 году. Спустя долгое время я решил немного доработать и опубликовать данную историю. Сказка предназначена воспитать в детях уважение к традициям, любовь к Родине и семье. Имена героев соответствуют именам моих младших братьев. Приятного чтения) оставьте отзыв, если вам не составит труда)))))))0

# Idris Daudov
# Мохьмад а, цуьнан мостагl lаьржа-lимран а.

**Мохьмад а, цуьнан мостагl lаьржа-lимран а.**

**l. Йуьртан истори**

lаш хилла цхьана тишачу йуьртахь хlинц-хlинца пхийттара ваьлла Мохьмад цlе йолу кlант. Шен ден-ненан воккханиг вара Мохьмад. Цуьнан Юсуп цlе йолуш ваша а вара, цул жима вара иза. Цуьнан итт шо дара. Уггаре а жимачуьнан ц1е Халид йара, цуьнан пхи шо бен дацара, дуьненахь мел долу хlума ловзаран дакъа ду моьттуш, зезагна тlе хьийза полла санна, самукъадаьлла воллура и. Чlогlа дена а, нанна а муьтlахь а болуш, дика кхиийна доьзал бара иза.

lаш болчу йуьртах лаьцна дийцича, йурт йохийна, тиша йара, «х1ух1» аьлла, гора йожийча санна. Кхо-диъ шо хьалха йохийнера иза lаьржа-lимран цlе йолчу стага. lаьржа-lимран аьлла цуьнан цlе йаханера, иза дог-lаьржа хилар бахьана долуш. Даг чохь мекхалла йолчуьнан бен иштта дог хуьлийла а дацара, ткъа иза цуьнан амалехь гучу а йаьлла, ч1аг1йеллера. Хьалххе дуьйна и lаьржа-lимран ца везаш хилла йуьртахошна. Бахьана цхьаъ дара – и йурт шен карайерзо гlертара иза, амма йуьртахоша дуьхьало йора.

Иштта диъ шо хьалха веанера lаьржа-lимран йуьрта, шена

йурт схьало аьлла. Йуьртахой дуьхьала бевлира. Хала баьхкира уьш мостагӀчунна дуьхьало йеш. Йурт дӀа ца йелира цара, цундела чӀогӀа йохийнера иза оьгӀаза ваханчу Ӏаьржа-Ӏимрана. Иштта жим-жимма бахьанаш а леладеш, меттахӀотто гӀерташ бохкура йуьртахой. Цул тӀаьхьа, кхо шо делира. Йурт тайина ца бевллера, амма цхьажимма метта хӀоттийнера. 1ебаха меттиг йира шайна йуьртахоша.

Йуьрта Ӏаьржа-Ӏимран веанчу хенахь, Мохьмад цӀахь вацара. Шен ваша а эцна, гергарчаьрга ваханера иза. Цигара цӀа веанчу хенахь, иза чӀогӀа цецваьллера. Дикка хьаьжча бен ца йевзира цунна йурт, хиллачух дукха хӀума ца диснера. Дедас дийцира хилларг Мохьмаде. Ла а доьгӀна, Мохьмада элира: «Со воккха ма хилла, цхьа жимма онда ваьлча дӀадоькъур ду».

ХӀора дийнахь Ӏемаш вара иза дуьхьало йеш оьшу г1ирс караберзош, тайп-тайпана халонех чеккволуш. Шеца шен ваша а Ӏамавора цо. Шарахь Ӏийра иза кечлуш. Дикка кечвеллера Мохьмад, Ӏаьржа-Ӏимранна дуьхьало а йина, цуьнга кхин иштта йарташ йоха ца йайта, иза дӀаваккха.

**II. Мохьмад новкъавалар**

Шен дегара а, ненера а пурба а даькккхина, шен ваша а эцна новкъа велира Мохьмад. Муьлхачу меттехь лаха веза ца хаьара Мохьмадана шен мостагӀ Ӏаьржа-Ӏимран. Мохьмадана хаьара ша иза лоьхуш дукха Ӏийра вуйла. Лар йоцуш санна, лела олура иза. Делахь а ша бечу вочу белхан лар-м йуьтура цо…

Иштта шен ши ваша новкъавоккхучу хенахь, Халида элира:

– Шуьшиъ ц1а валлалц, со хьожар ву даде а, нене а.

– Дика ду, Халид. Накъост хилалахь царна. Тхо дукха ца 1аш, ц1а дахка хьовсур ду хьуна…

… Боьдуш кхечира уьш уллерчу йуьрта. Оцу йуьртахь садоIура ду шаьш аьлла, барт хилира шина вешин. Йуьрта йуккъехула воьдуш дуьхьала цхьа йоккха стаг кхийтира царна. Йоккхачу стаге вистхилира Мохьмад:

– Де дика хуьлда хьан, Йоккха стаг.

– Далла везийла, дукха вехийла! Шу стенгара ду? Суна хьалха кхузахь гина дац шу.

– Тхо уллерчу йуьртара ду, диъ шо хьалха Iаьржа-Iимрана йохийна йолу. ХIинца и Iаьржа-Iимран лоьхуш лелара тхо. Йоккха стаг, хьуна ца хаьа иза стенгахь ву, йа вуьйцуш ца хезна хьуна?

– Аш хало лайний тхуна хиира. Шу йуьртахой чIогIа майралла йолуш бу. Йурт йохийна, амма дика ду дIа ца йелла. Iаьржа-Iимранний? Хезна. Цунна тIекхача чIогIа хала ду, иза лацалур волуш стаг вац. Тахана иза цхьанхьа ву, кхана – кхечанхьа ву, кхоалгIачу дийнахь – вукхунхьа ву. Б1арлаг1а санна лелаш ву иза, амма ша вуй-м хоуьйту цо.

# Конец ознакомительного фрагмента.

Текст предоставлен ООО «Литрес».

Прочитайте эту книгу целиком, купив полную легальную версию на Литрес.

Безопасно оплатить книгу можно банковской картой Visa, MasterCard, Maestro, со счета мобильного телефона, с платежного терминала, в салоне МТС или Связной, через PayPal, WebMoney, Яндекс.Деньги, QIWI Кошелек, бонусными картами или другим удобным Вам способом.